

Lynn Public Schools
School Health Services (Sèvis Sante Lekòl)
Direktiv Pou Kenbe Pitit Ou A Lakay La, Pa Voye Li Lekòl

Lafyè

Pou yon tanperati yo mezire nan bouch ki 100° Farenayt oubyen plis, tanpri, kenbe pitit ou a lakay jiskaske li pa gen lafyè ankò pandan 24 èdtan san medikaman pou bese lafyè la tankou asetaminofèn (Tylenol) oubyen ibipwofèn (Motrin oswa Advil).

Vomisman

Kenbe pitit ou a lakay pandan 24 èdtan apre dènye fwa li te vomi an kidonk jiskaske timoun nan sispann vomi sa li manje oswa bwè.

Dyare

Kenbe timoun nan lakay jiskaske li pa prezante senptom dyare ankò pandan 24 èdtan.

Bouton ki leve sou po timoun nan

Gen plizyè bagay ki kapab lakòz bouton leve sou po timoun nan. Si bouton yo pa òdinè oubyen yo vini ansanm ak lafyè, fè founisè swen sante w la fè yon dyagnostik epi ba ou yon memo pou w voye nan lekòl la.

Rim, Tous, Nen K Ap Koule

Si pitit ou a pa gen lafyè, l ap touse oubyen l ap estènen yon ti kras, epi li kapab jere likid ak larim l ap touse oubyen estènen yo, pitit ou a kapab vini lekòl la. Tanpri, kenbe pitit ou a lakay si l gen yon tous konjesyone (chaje ak larim) oswa san kontwòl oubyen l ap touse ak estènen yon kantite likid ak larim ki twòp.

Opresyon

Si pitit ou a gen pwoblèm respirasyon, tous, souf kout oswa pwatrin sere ki pa amelyore apre w fin pran yon medikaman rapid pou soulajman, tanpri kenbe pitit ou a lakay ou epi kontakte founisè swen sante li.

Gòjfèmal

Si gòjfèmal la vini ansanm ak lafyè, glann anfle, doule oubyen difikilte pou vale, tanpri, fè founisè swen sante w la egzamine pitit ou a.

Estomak fè mal

Tanpri kenbe timoun nan lakay li si doule a dire plis pase 2 èdtan ajoute ak/oswa lafyè, vomisman oswa dyare.

Tèt fèmal, Zòrèy fèmal, Dan fèmal

Pitit ou a kapab ale lekòl si medikaman yo vann san preskripsyon yo kapab soulaje doule a pandan w ap tann yon randevou avèk yon dantis oubyen yon doktè. Ou ta dwe kenbe pitit ou a lakay si l gen gwo doule.

Je wouj oubyen Ye K Ap Bay Likid

Si pati blan je a wouj oswa l ap grate e l ap bay yon likid jòn, vèt oubyen kwoustiyan (lè likid la bay yon kwout sèk), ou ta dwe fè founisè swen sante w la egzamine pitit ou a.

